ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№54 (24.180) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкІа Указ №35-УГ-мкІэ къащтам, хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэм, «2021 гъэм и гъатхэм щыхуэхэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкІа Указ №35-УГ-мкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэу зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и комиссэ нэхъыщхьэм хэгъэхъэн Хъуэжэ Р. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хьэмэныкІэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хьэмэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и дохутыр-наркологыр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэхэр дзэ къулыкъум еджэнымкІэ и резерв комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Афэшокъуэ А. А. - Налшык дэт «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» узыншагъэр хьэмэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и дохутыр-терапевтыр

Чып Д. Т. - Налшык дэт «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1» узыншагъэр хьэмэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и дохутыр-неврологыр

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 17-м
№52-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм теухуа Положенэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и �щІалэгъуалэ правительствэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №985-УП-мкІэ къащтам, и 3.3 пунктым ипкъ иткІэ:

1. Мы Унафэм щыгъу гуэдзэным зэрыщыубзыхуам тету къащтэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и �щІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и �щІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 2-м къыдигъэкІа Унафэ №14-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 17-м
№60-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2021 гъэм накъыгъэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №60-РГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэр

Къущхьэ Инал Роберт и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІыр

Ахъмэт Артур Башир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и �щІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр

Хуторская Елизаветэ Вениамин и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и �щІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр

Абрамовэ Даянэ Аслъэн и пхъур - курортхэмрэ туризмэмкІэ министрыр

Іэрэмысэ Тимур Руслан и къуэр - щІыхуэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм и Іуэхуэмкіэ министрыр

Берюковэ Аннэ Андрей и къуэр - щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министрыр

Водопьяновэ Алеся Александр и пхъур - щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ министрыр

Демиденкэ Валерие Валерий и пхъур - лэжьыгъэмрэ щІыхуэм социальнэу къащхьэщыжьынымкІэ министрыр

Ервас Астемыр Мурат и къуэр - бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ министрыр

КІэмпІу Зурианэ Мусэ и пхъур - узыншагъэр хьэмэныкІэ министрыр

КІыщокъуэ Къантемыр Руслан и къуэр - тарифхэмрэ псэупІэм щыкІэлъыплъынымкІэ министрыр

Къэгъуэтыж Шамиль Заурбэч и къуэр - спортымкІэ министрыр

Кочетов Аслъэн Валерий и къуэр - финансэмкІэ министрыр

КІурашын Астемыр Анзор и къуэр - транспортымрэ гъэсэгу хозяйствэмкІэ министрыр

Соблыр Ахьмэд Руслан и къуэр - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрыр

ИнащІэ Исльам Анзор и къуэр - промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ министрыр

Хьэщэ Миланэ Аслъэн и пхъур - гражданскэ жылагъуэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ Іуэхухэмкіэ министрыр

Хьутат Миланэ Замир и пхъур - щэнхабзэмкІэ министрыр

Чочаевэ Марьям Аслъэн и пхъур - экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министрыр

ШэнтІыкІу Эльдар Заур и къуэр - ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министрыр

КІуэкІуэ Казбек республикэм щыпсэухэр къыхуриджащ, и щапхъэм ирикІуэу, коронавирусым пэщІэтыф мастэр зыхрагъэлъхьэну

«Узыфэ зэрыщІалэр иджыри шынагъуэ. Пандемиер къызэрыздэкІыфын Іэмал закъуэу щытри вакцинэр зыхедгъэлъхьэнырщ. НэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэкъым», - щыжиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззм.

«ПАНДЕМИЕМ и зэманым а узыфэ бзаджэр къапкърыхьэу ди Іыхьлыхэр, благъэхэр дунейм зэрехьажам игъэгупэзар, ар хьэпльэу зыхэзыщІар фэрэ дэрэ къэ? Ди Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ госпиталхэм щІэхуа нэужь фэрэ дэрэкъ темпыпІэу абыхэм я узыншагъэр зыхуэдэм щІэупщІар? Фэрэ дэрэ дыгуэавэзу дыпэплъащ абыхэм ятеухуа хьыбархэм. Къэралми ди щІэныгъэлІхэми къалэнышхуэ зэфІагъэкІащ - псом нэхъри нэхъапэ вакцинэр ягъэхъэзыращ. Иджы ар дэтхэнэ зыми игуэытынщ. Ар щІызыхрамыгъэлъхьэн щхьэусыгуэ зимыІэ псоми а Іэмалыр къаГъэсэбэпу мастэр зыхрагъэІун хуэйщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Вакцинэр зыхегъэлъхьэным и гугъу щІищІым, КІуэкІуэ Казбек нэхъ пасэу мызэ-мытІэу кърата упщІэм - вакцинэр зыхригъэлъхьа-зыхримыгъэлъхьам тетхуам - и жэуапри яритащ.

«Нобэ сэ абы и гугъу схуэщІынутэкъым, езым вакцинэр зыхезмыгъэлъхьамэ, си нэхъыжьхъэм мастэр яхеэмыгъэІуамэ. Абы и зэран лъэпкъ къыдэкІакъым», - къыхигъэщхьэхуэкІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Іэтащхьэм мастэр хапльхащ, къалэм и езанэ поликлиникэм и медицинэ лэжьакІуэхэм.

«Спутник-V»-м нэмыщІ республикэм мы зэманым щІыхуэхэм щыхалъхьэ и бжыгъэкІэ 9720-рэ хъуэу дыгуэасэ къаІэрыхьа «ЭпиВакКорона» мастэм хуэди. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм вакцинитІым я зыр щызыхрагъэІу хъунущ а Іуэхум къыхуэзэрагъэпэщауэ республикэм щылажьэ пункт 51-м ящыщу езыхэм нэхъ къащтэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ республикэм и спорт Іуэхущ1апІэ зыбжанэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий дыгуэасэ щыІащ «Спартак» стадион» къэрал бюджет Іуэхущ1апІэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхахэр спортым щыхуагъасэ центр» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ1апІэмрэ. КЪБР-м спортымкІэ и министр Хьэсанэ Исльам щыгъуэу лэжьыгъэ Іуэхукіэ щекъам Правительствэм и Унафэщым спорт Іуэхущ1апІэхэм зыщыпльыхьащ, абыхэм я щытыкІэр къипщытащ.

КЪУХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, КЪБР-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» и къэрал программэм ипкъ иткІэ, республикэ бюджетым и хьэкъкІэ а ухуэныгъэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщыізэфІагъэкІар. Апхуэдэуи техникэ хэкІахэр къащхьэхуэ, зыщагъасэ губгъуэхэр зыхуей хуэзэу, мардэм къыгагъэу зэрахьэн папщІэ.

«Спартак» стадионым щыщыІам республикэм и Правительствэм и Унафэщым щыгъуэзэ зищІащ спортсменхэм зыщагъасэ губгъуэ зэрагъэпэщыжахэм я щытыкІэм, физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщам. Комплексым хэтщ топ щыджэгу губгъуэхэр, хъыщажьы гъуэгу цыкІухэр, тренажер зэмылІэужьыгъуэхэр. Спорт ухуэныгъэр ирагъэкІуэкІащ «Спортыр ди гъащІэм и мардэщ» къэрал проектымрэ «Демографие» лъэпкъ проектымрэ я мылъкукІэ.

Премьер-министрыр апхуэдэуи щыІащ «ЦСП СК КБР» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ1апІэм. Абыи щызэрагъэпэщыжащ, зыхуей щыхуагъэзащ футбол щыджэгу губгъуэ мыину тІу, теннис джэгупІэ кортыр, Налшык къалэм и Универсальнэ спорт комплексым и унэм щІагъэуващ боксым зэрызыхуагъасэ иджырей спорттехнологие Іэмэпсымэхэр. Ахэр иджырей мардэхэм йозагъэ. Художественнэ гимнастикэм хуэхэа пэшышхуэм кондиционерхэр щІагъэуващ, спортсменхэм абы гупсэхуэ зыщагъэсэн папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий ириГъэкІуэкІа къэплъытэныгъэхэм пщэрыльэ зыбжанэ хуищІащ и унафэм щІэт Іуэхущ1апІэхэм я материально-техникэ лъабжьэр адэкІи гъэбыдэным хуэунэтІауэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий: Республикэм и зыужьыныгъэм и лъабжьэр мэкъумэш хозяйствэмрэ туризмэмрэщ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат ЩхьэгъуэШ Адэлбий тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзар къызэрыщІыхьуам:

«Я мэхъэнэкІэ зэкІэлъыкІуэу икІи убзыхуаУэ Іуэхухэр тэмэму а тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуауэ къызэлъытэ. Сэ нэгъэсауэ сыакъылэгъущ туризмэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я Іэнатіэхэм яхуэгъэзэа псалъэхэмкІэ. Ахэр икъукІэ игъэуу къыщІэсльытэр республикэм и зыужьыныгъэм и къежьапІэу а Іэнатіэхэр зэрыщытым куэд щІауэ дыззэрытепсэльыхьым и закъуэкъым, атІэ республикэм бгъэдэлъ зэфІэкІышхуэхэр къэдгъэсобэныну и зэман зэрыхъуарщ.

Республикэм и Іэтащхьэм къаІэн инхэр къигъэуващ зэрыщыту зэраЛым мэкъумэш продукцэм и уасэм щыщыхэхъуа лъэхъэнэм. Абы къыхэкІыу КЪБР-м и Правительствэм и къалэнщ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыну щыкІэр нэгъэсауэ иубзыхуну икІи а Іуэхухэр гъэззащІэным кърууэ щыІэр хуэзэщІигъэІуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьынымкІэ туризмэр мыхьэнэшхуэ зиІэ къыкІэлъыкІуэ Іэнатіэщ. Ди деж и мызакъуэу, а Іэнатіэр къэрал поом ятеп щрагъэущэм ящыщщ. Тадемием и зэранкІэ зэхэзекІуэхэр хуабжьу щагъэмэщІа лъэхъэнэм къэрал кІуэцІ туризмэм федеральнэ дэІэпыкъуныгъэшхуэ игъэуатащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къакІуэ туристхэм я бжыгъэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Ар къэдгъэлъэгъуэн, адэкІи лэжьыгъэми къыщыдгъэсэбэпын хуейщ.

Республикэм зегъэужьынымкІэ стратегиемрэ ятеп игъэщыпхъэ Іуэхухэмрэ ятеухуауэ КЪБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыдгъэлъэгъуахэр я Іэнатіэ зэрыщытым и Іуэхухэмкіэ. Ахэр икъукІэ игъэуу къыщІэсльытэр республикэм и зыужьыныгъэм и къежьапІэу а Іэнатіэхэр зэрыщытым куэд щІауэ псори щІэщ. Дяпэкіэ псори зэпхъатауэ щытынур къэрал властым и Іуэхущ1апІэ органхэм я егугъуныгъэрщ. СыззэрелъымкІэ, абыхэм дызыщыгуфІыкІын Іуэху нэрылъагъуэр зэман кІэщІым къриубыдэу къарикІуэнущ», - жиІащ ЩхьэгъуэШ Адэлбийрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

МАРЬЯШ Ирина: Республикэм и Іэтащхьэм и псалъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэр псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ

«КЪР-м и Іэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэр щІыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэр щІэгъэхуэбжьэнырщ.

Абы къыщыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыужьыныгъэм и концепцэр Урысейм зэкІэлъыкІуэу зегъэужьынымкІэ, ди щІыхуэм я зэІуэзэпщ псэукІэр къэІэтынымкІэ ди къэралым и Президент Путин В. В. къыхилъхьа концепцэм щыщ Іыхьэу зэрыщытыр», - жиІащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Марьяш Ирин.

КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м и Президент Путин Владимир фІыщІэ хуищІащ абы щІыхуэхэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ псом япэ зэрыригъэщам, абы и лъэныкъуэкІэ субъектхэм я гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я полномочиехэм зэрызригъэубгъуам, зэи ямылъэгъуа дэІэпыкъуныгъэхэр къахуэзэрызригъэпэщам папщІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я щІэныгъэ-щІалэгъуалэм и Іуэхущ1апІэ зэрыщыІам и щІыхуэ щІалэныщхьэхэр къоуэ икІи республикэм и Іэтащхьэм Іупщ1у къыгъэлъэгъауащ лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр гъэбыдэныныкІэ, щІыхуэм я узыншагъэр хьэмэныкІэ лэжьыпхъэхэр. Республикэм и зыужьыныгъэм хиубыдэу гупльэтэ хэха ягъуэтынущ туризмэм и Іэнатіэм, промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэным. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм Іуэху пщыкІахэр къыхилъхьащ пандемием и гугъуехьхэр къызэнэкІыным, Іэнатіэ псори нэгъэсауэ зэтегъэуэжным хуэунэтІауэ», - жиІащ Марьяш Иринэ.

Депутатым къыззэрильытэкІэ, гу зылъытапхъэщ КІуэкІуэ Казбек щІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къыззэгъэпэщыным, хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ защІэгъэкъуэным, щІалэгъуалэм щІэныгъэ, Іэщ1агъэ егъэгъуэтыным хуищІа гупльэтым мыхьэнэшхуэ зэриІэм. Апхуэдэу щІыналъэм и унафэщІым зэпкърихащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ властым и федеральнэ органхэм зэрадлажьэ щІыкІэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм законкэр къыдэзыгъэкІ органым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуа мурадкэрэ къалэн пыухыкІакэмрэ, шэч хэмылъу, гъэззащІа хъунущ. А Іуэхур щІагъэбыдэнущ Парламентым и законхэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я лэжьыгъэмкІэ. Шэч къытесхьэркъым дызэрыт илъэсым тещІыхьауэ щІыналъэм и Іэтащхьэм къыхилъхьа программащэр нэгъэсауэ зэрыщІа зэрыхъуну икІи абы ди щІыналъэр нэрылъагъуэ япэкІэ зэриГъэкІуэтэнум»,- къиГъэлъэгъуащ депутатым,

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЕджакІуэхэм я Урысейпсо олимпиадэхэм къыхэжаныкІахэр ягъэфІэнущ

● Егъэджэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззэ Псалъэм къыззэрыгъэщащи, дызэрыт лъэхъэнэр сыт хуэдизу мыгугъуми, дунейр зэщІэзыщта пандемием и ягъэу жылагъуэм екІар сыт хуэдизу мыкууми, дызэрефІэкІуэным, ди псэукІэр нэхъ зэпэщ зэрытщІыным дыхущІэкъун хуейщ, дэхэнэ зы цІыхуми щыпсэу щІынаІэм и пашхьэ щиІэ пщэдкІыжьыр зыхищІэу, и къэкІуэным хуэзлажьэуи щытыпхъэщ. Псом хуэмыдэу, къытщІэхъуэ щІэблэм я зэфІэкІымрэ лъэкІыныгъэмрэ къэтІэщІыным, зэчий зыбгъэдэлъхэр къэгъэнэІуэным ди нэІэ текІ зэрымыхъунум тригъэчыныхьащ. Апхуэдэу, КЪБР-м и Іэтащхьэм Парламентым и лЫкІуэхэм гу лъаригъэтащ куруит еджапІэм щІэс сабийхэр къыдэхъэхьи, фІыщІэхуэщІэхэмкІэ тегъэгушхуэн зэрыхуейр.

«ДАУИ, пцІы зыхэмылъыр араши, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, - сабийм и зэфІэкІыр къхэутэнкІэ нэхъыбэу егъэджэныгъэ Іэмалхэм, методикэр зи лъабжьэ бгъэдыхьэкІэхэм елъытащ, лэжьыгъэшхуэ пыщІащ, зэман куэд зытекІуадэ Іуэхущ. Гъэсэнри гъэсакІуэри пыухыкІауэ зытелажьэ Іуэхум и щыгум удэкІынур тыншу пхужьІэнукъым. Зэчий зыбгъэдэлъ сабийр къыхэгъэщыныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ еджакІуэхэм къыхуэзэрагъэпэщ олимпиадэ зэхьэзэхуэхэр. ТекІуэхэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ ягъафІэу, фЫщІэ тхылъкІэ къыхагъэщырт сыт щыгъуи, ауэ, къыззэрыслъытэмкІэ, сабийхэм я щІэныгъэр нэхъри къызэрыкІын щхьэкІэ, зэпеуэхэм къыззэрыхэщын Іэмалхэм зэхъуэжкІэ, нэгъуэщІ Іэмалхэри къэуГъэхъэщыпхъэщ».

КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ мы гъэм щегъэжьауэ Урысейпсо олимпиадэм щытекІуахэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэмрэ дэтхэнэми сом мин 50 хуэдиз, къыхэжаныкІахэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ дэтхэнэми сом мин 25-рэ иратынущ. ЩІыналъэм щекІуэкІа олимпиадэ зэхьэзэхуэм щытекІуахэм сом мин 15 хуагъэфэщэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхилъхьа жэрдэмыр еджакІуэхэми адэ-анэхэми гуапэ ящыхъуащ. Парламентым Зэрызыхуигъаззэ Псалъэр зэрыбагерыщІэ Іэнатіэхэм зэрызэбграгъэкІуэу, Іэтащхьэм къыхилъхьа гупсысэр зэрыдащтэр, ар игуэзу зэрыщытыр къыхагъэщу интернетым щытхэу хуежьащ. Абыхэм ящыщ зым мыпхуэдэу етх: «ХьыбарыфІым къыщыІэркъым. Жэщи махуи щхьэх имыщІэу еджэ сабийм зы мащІэри фІыщІэ ещІ, и гур жегъахъуэ. Мыпхуэдэ гупльэтэм сабийм и ерыщагъым нэхъри хигъэхъуэнущ, еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэн, абы щхьэкІэ щыІэ Іэмалхэр къэгъэІуэрыщІэн зэрыхуейм нэхъ гуащІэу телажьэу щІидзэнущ. Мыр щхьэпэщ егъэджакІуэм дежкІи, сыту жыпІэмэ абыи сабийм ирит щІэныгъэм Іьныкъуэу куэдкІэ зригъэубгъунущ, и Іуэхумрэ и Іэщ1агъэмрэ мыхьэнэ зэриІэр нэхъ кууэ зыхригъэщІэнущ, а щІыкІэм тету лъэныкъуитІри зэдефІакІуэнущ. Іэтащхьэм жэрдэм щІэзыгъэщІ ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым».

Мы гъэм екІуэкІат Сабийхэм я щІэныгъэ-хъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ XXVII Урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы къигъэльэгъуащ сыт хуэдэ зэпеуэми, олимпиадэ зэныкъуэкъуми хьымыгъэхьэми, уи щхьэ лъагэу уэзыгъэльагъуэжьи щІэлъэ дзэриІэр.

ШУРДЫМ Динэ.

НОБЭ

♦Метрологием и дунейпсо махуэщ

♦Бжьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Фэбжь зыгъуэтам еІэзэ дохутыным и дунейпсо махуэщ

♦СПИД узыфэм иІыкІахэм я фэеллъ махуэщ

♦Индыл псым и махуэщ. Индыл (Волгэ) Урысейм и мызакъуэу Европэми щІэнэхъ псышхуэзэм ящыщщ - абы и кІыхьагъыр километри 3,7-рэ мэхъу.

♦1570 гъэм Антверпен (Бельгие) дунейм щыпсу щытрадзащ географие атлас.

♦1873 гъэм США-м щыщ Страус Леви ищІащ джинсым къыхэщІыкІа гъэнщэдж. А щыгъыныгъуэр ящыщщ иджыпсту дунейм бжьыпэр щызыІыгъхэм.

♦1875 гъэм Париж къыщащтащ метр, литр, килограмм пщалъэхэр.

♦1887 гъэм урысей пащтыхь Александр Ещанэр яукІыну зэрыхэтам щхьэкІэ щхьэпэлъэ ящІащ Ленинн Владимир и къуэш Ульянов Александрра абы щІыгъуахэм ящыщу щІыхуиІІрэ.

♦1902 гъэм Кубэм и конституцэмрэ ар Испаниеми бжьым зэрыщІэмытыжьым теухуа дэфтэрымрэ къащтащ.

♦1939 гъэм «КЪБР-м и щІыхуэб артист», «КЪБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КЪБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» щІэ лъапІэхэр ягъэуващ.

♦1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыдигъэкІащ Хэку зауэ орденым и япэ, етІуанэ нагъыщэхэр къэщтэным теухуауэ.

♦Урысей пащтыхь, Рюриковичэ ящыщ ирикІуэ, иужьрейуэ а къулыкъум зэрыта **Федор Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 464-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ щІэрыІуэ **Оноре де Бальзак** къызэралъхурэ илъэс 222-рэ ирокъу.

♦Совет къуэхьлъатэзэхуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Тхьидэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гугу Рашад** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КЪБР-м щІэныгъэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЖъэкІэшхуэ Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэх Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей эстрадэм и артист щІэрыІуэ, УФ-м и щІыхуэб артист **Карцев Роман** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Ачыгъэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэбзэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Тэгрокъуэ Астемыр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, продюсер, УФ-м и щІыхубэ артист **Гуськов Алексей** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, ЪШЪР-м щІыхь зиІэ и журналист **Абидокъуэ Люсанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

БаІуэ нэхърэ - башІэ.

● Щэ

Адыгэ киномрагъэужь

2021 гъэр къыззрихьэрэ ялэу екIуэкIыну Шэрджас кинофестивалым хэтыну режиссёри 7-м зыкъагъэлъэгъуащ. Накъыгъэм и 7-м фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ гупым фильм кIэщIхэм ящыщу плIы Iэрагъэхьащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР Тыркум, Сирием, США-м, Израилым щытраха фильмхэрщ. Мы зэманым ахэр поплъэ Кавказым, Швециемрэ, ОАЭ-м къарагъэхыну фильм кIэщIхэм. 2021 гъэр къызэрихьэрэ къызэгъэпэщакIуэхэр жыджэру ядолажьэ режиссёрхэмрэ продюсерхэмрэ, апхуэдизи фестивалым хэтыну хуей псори хагъэгъуазэ я IэдакъэщакIэхэр зэпеуэм зэрырагъэхьыну щыкIэм. КъызэгъэпэщакIуэхэм я фIэщ мэхъу зэфIэкI зиIэ режиссёрхэм я Iэзагъэр тегушхуауэ къызэрагъэсэбэпыфынур.

Къыхэгъэщипхъэщ фестивалым «Short & Sweet» и япэ проектыр - шэрджасыбзэкIэ дакъикъи 3 нэхъ мынэхьбзкIэ фильм техныим теухуар - ехьулIэныгъэ иIэу зэрагъэззэщIар. А зэпеуэр щекIуэкIар коронавирусым зиубгъун щыщIидза зэманрами, абы кърашэлIэфат куэдым уеэзыгъэгупсыс фильм щIэщыгъуэхэр тезыха щIалэгъуалэр. Фестивалым зэщIигъэуIуат дуней псом щикъухьа адыгэхэр.

Япэ Шэрджас кинофестивалым адыгэ фильм кIэщI нэхъыфIыр къыщыхахынущ. Ар дакъикъэ 15 нэхъ нэхъ мащIэкIэ екIуэкIыу икIи 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ трахауэ щытыпхъэщ. Фестивалыр зэрекIуэкIыну щыкIэр *http://circassianfilmfestival.com* сайтым гурыIуэгъуэу итщ. Фестивалым и саугъэт хэхьащхьэр къэзыхьыну щIэхъуэпсэжи я лэжьыгъэхэр шыщхьэуIуи и 30 пщIондэ ирагъэхьыну зэман яIэщ.

Гу зылыгагъэ: Шэрджас кино тезыххэр зэщIагъэуIуэн папщIэ Адыгэ кинофестивалыр илъэситI и пкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы илъ иткIэ режиссёрхэм Iэмал яIэщ зэрыщIыхуну, зэдэлажьэну, я Iуэху еплъыкIэкIэ зэдгъэушэну. КьищынэмыщIауэ, мы Iуэхум шэрджас щэнхабзэр нэхъ кIуелэй зэрищIынум шэч хэлъкъым, ди щIэныгъэ гъэлъэгъуэныгъэ абыхэм нэгъуэщIхэр щыгъэгъуэзэнымрэ мыхьэнэшхуэ яIэщи. Шэрджасхэм я щыIэкIэм тепсэлъыхь апхуэдэ фильмхэр режиссёрхэм трахыным гу нэхъ лърагъэтэнри щыщщ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадхэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

115-нэ шуудзэм и фэеплъу

Къэхъун курыт школ №2-м щекIуэкIащ «115-нэ къэбэрдей шуудзэм и лIыгъэ мыуплъ» телелъэмыж видеоконференцыр. Абы хэтащ Ростов щIыналъэм щыщ Большая Мартыновкэ къуажэм дэт школымрэ Къэхъун школымрэ я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, журналистхэр.

МАРТЫНОВСКЭ районым и унафэщI Мартынов Николай конференцыр къызэIуихащ. Iуэхум хэтхэм фIэхъускIэ захуигъэза нэужь, абы жиIащ адэкIи Iуэху щхьэпэхэр зэдалэжьыну, я гупсысэжамкIэ зэдгъэушэну зэригуапэр. Телелъэмыж зэпыщIэныгъэр 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэмрэ абы и 316-нэ шу полькымрэ я фэеплъу щытащ. 1942 гъэр и гъэмахуэм ахэр Мартыновкэ щIыналъэм щызэуащ.

Конференцым хэтащ полковник, Урысейм и ДОСААФ-м КъБР-м щIиIэ къудамэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **МацIыхъу Хъусен**, «Кавказ гъунапкъэ» лъхьэхуакIуэ гупым и унафэщI **Цыбин Виктор**, а гупым хэт **Артёмовэ Наталье**, «Маяк 07» газетым и корреспондент **Къэзэрыс Борис**, Къэхъун школ библиотекэм и лэжьакIуэ **Пхъэшх Светланэ**, Май яшхэм щIэблэр хэкупсэу гъэсэныжмкIэ щыIэ Iуэхущ Iапэм и унафэщI **Хьэпэ Къазбэч**, жылагъуэ лэжьакIуэ **Уэрсей Владимир**, Германием къулыкъу щызыщIахэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм жэуап зыхь и секретарь **Гулэжьн Беслъэн**.

Видеоконференцым щытепсэлъыхьащ шуудзэмрэ полкымрэ хэтахэм ехьэлIа пхъэхуакIуэ лэжьыгъэхэм зэрыпащэнри, лIыхъужьхэм я фэеплъхэр зэрызэфIагъэувэжьнымрэ зэрахъумэнымрэ.

НАФIЭДЗ Данэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Къуажэ

Дэнэ здэкIуар Iэхъуэхэр?

Иджы ахэр плъагъужыркъым пщэдджыжым

Ди къэралым щекIуэкI Iуэхухэм щытепсэлъыхьыкIэ щыкъуащIэхэм - инхэми ищIагъкIэ щыIэхэми - нэхъ къащтэ бжыгъэ хэлъ хэIэтыкIахэм трагъэзыIэну. Ауэ абыхэм зыщагъэгъуэщэ къэралым зиужьыным цIыху къызэрыгуэкIхэм хуащI хэлъхьэныгъэр зыхуэдизыр жаIэну. Psoraxe и хьэтыркIэ, къыдрагъэжей дуней псор коронавирус уз бзаджэм щитхьэлэ 2020 гъэм Урысейм гъавэу тонн мелуани 133,5-рэ къызэрыщрахьэлIар - абы нэхъ нэхъыбэ къащIехьэлIар зэзакъуэщ. Арати, УФ-м ерыскъыкIэху хамэ къэралхэм ярищэм процент 20-кIэ зиIэтащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэри хуэмыхуэкъым - ди республикэм и жыгхэм къатащ къэралым пхъэщхьэмыщхьэу къыщрахьэлIам и Iыхьэ щанэр икIи а лIэужьыгъуэмкIэ нэгъуэщI щыналъэхэм ящыщу зыри къыльэщIыхьакъым.

Псори хъарзынэщ, ауэ тыкуэным узэрыщIыхьэу угупсыс: анхуэдизу Iуэхухэр щыфIкIэ, сыт щIакъуэм и уасэм щIыхэкIыр? Даун, жэуапыр гурыIуэгъуэ: ар зи ягъэр дагъэгъэзынытхъэхэр, электрокъэрур, газыр, н. къ. нэхъ лъапIэ зэрыхъуарщ. Ауэ цIыху къызэрыгуэкIым абы зыкIи и гур фIы ищIыркъым. Ещхьыркъабзэу, ящIэщыдагъэм и уасэр дунейм щыдэкIуейми щхьми езым и щхьэкIэ къехьэлIауэ зыми зэрызымыкъуэжьнур: бензиныр нэхъ пуду къэращэнкъым. Уасэкэр иужь зэманым Iэубыдыпlэншэ дыдэ хъуащ. УалъэщIыхьэнукъым. Иджыблагъэ тхъуцIынэ къэсщэхуам фломастеркIэ уаситI тетхат, я щIыб зырызымкIэ. Сыт абы кьикIыр? Ар зыщэм япэу кьыхуашар иримыгъэкIыфурэ, етIуанэр къэсащ, нэхъ лъапIэ хъуауэ. Арати, уасэжьэ тригъэкIыжькъым къыщыгъупщэри, щIэри тритхащ...

Совет властыр щызэфIэувам къыщыщIэдзауэ ар къутэжьыкуэкIи иджыри ди къэралым гугъуехьхэм я нэхъыбэ дыдэр зытещIэр къуажэдэсхэрщ. Псори къэдгъэзэнащи, жыгIэн къудейщ 1966 гъэр къэсыжу колхозхэтхэр улахуэзэнщэу (трудоденкIэ) зэрыгъэлэжьар. Абы щыгъуэми, гугъу ирагъэхьу. Ауэ, итIани, я унагъуэхэр яплIыт, я бынхэр къызэфIагъэувэрт, яхуапэрт, ирагъаджэрт. Дауэт ар къаззрехъуIэр? А псори зи ягъ щIэкIа дэ мылейуэ къыдолъытэ зыгуэрхэр дигу къэдгъэкIыжыну.

Псом япэрауэ, щIалIэ зиIэу къуажэм щыпсэухэм тыкуэнхэм къыщащэхур мащIэт: фошыгъу, шыгъу, мафIэдз, сабын, щэкI хэдэкэрт. Абыхэм щащэхкэртэкъым былымыли, джэдыли, джэдыкIи, гъэшэкIхэри. Ахэр езы унагъуэхэм яIэт. Iэщ яукIмэ, къуажэ къэлымкIэ я Налышк щащэрт. Жэм зиIэ унагъуэр кьулейуэ зыкъыщIэзгъэкIыжьар. Абы щыгъуэми, гугъу ирагъэхьу. Ауэ, итIани, я унагъуэхэр яплIыт, я бынхэр къызэфIагъэувэрт, яхуапэрт, ирагъаджэрт. Дауэт ар къаззрехъуIэр? А псори зи ягъ щIэкIа дэ мылейуэ къыдолъытэ зыгуэрхэр дигу къэдгъэкIыжыну.

Псом япэрауэ, щIалIэ зиIэу къуажэм щыпсэухэм тыкуэнхэм къыщащэхур мащIэт: фошыгъу, шыгъу, мафIэдз, сабын, щэкI хэдэкэрт. Абыхэм щащэхкэртэкъым былымыли, джэдыли, джэдыкIи, гъэшэкIхэри. Ахэр езы унагъуэхэм яIэт. Iэщ яукIмэ, къуажэ къэлымкIэ я Налышк щащэрт. Жэм зиIэ унагъуэр кьулейуэ зыкъыщIэзгъэкIыжьар. Джэдкъаэри арат. И гугъуитщIыхьэнкъым хадэм кьитхэр щIэгъэкъуэнышхуэ кьитхэхуэхъуу зэрыщытам. КIэщIу жьипIэмэ, тшхым и мызакъуэу, сом гуэрхэр кьыдиту тщэн гуэрхэри диIэт. Иджы-щэ? ЩIакъкъуэм и деж кьыщыIэдзэнщи, ар зыгъэжьэ унэгуащэхэр закъуэтIакъуэщ. Танэхэр ягъашхэ, хадэхэр зэрахьэ, арщхьэкIэ жэм зэрахуэжьыркъым. Нэхъапэм зы хьэблэм дэкIыу щыта бжыгъэм хуэдиз кьуажэ псом дэкIыркъым. Цыхуэхэр щоуж шкIэжэр шэ егъэфэным, гъэшыр зэдзэныным, кхъуэй хэхъыным, шху щыным. Зэгуэр КПСС-м и ЦК-м и Япэ секретарь Хрущёв Никитэ кьуажэдэсхэм жэмхэр ятрихыну щыхуежьам зауэ къикI пэтащ ирамытын щхьэщкIэ. Иджы цIыхубзхэм унагъуэ шатэр бэзэрхэм кьыщащэхумэ нэхъ кьащтэ. Зэ еплъыгъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ: колхозхэр якъутэжа, зыгуэрхэр щызэIуащэу, щаду щыта Iуэхущ ЦIапIэхэр зэхуащIыжа иужь лэжьакIуэхэр хуит кьэхуа хуэдэщ, куэдыр Iуэхуншэщ. Щхьэ зрамытыжрэ игъащIэ лъандэрэ кьадекIуэкI, я адэхэм я адэжхэм кьыхуагъэна Iэщ Iагъэм?

И жэуапыр нэм къыщIоуэ: жэм бгъэшхэным куэдыуэ токIуадэри, упэльэщщыркъым. Совет лъэхъэнэм уасэншэу яIэрыхьэу щыта хъуэхъэмрэ хуэнщIеймрэ илъэс къэс нэхъ лъапIэ мэхъу, нартыхымрэ хьэмрэ я гугъу умыщIыхэм. Джэдкъэри аращ. Илъэс къэс нартыхуу, хьэуэ ящIэр нэхъ мащIэ мэхъу, фермерхэр зэпымыууэ мэтхъэусыхэ, ахэр уэгъэм яфIихьыжауэ жаIэурэ. Нэхъапэм къуажэдэсым, куэдми мащIэми, ахэр пщIэншэу е пуду къыIэрыжьэрт.

Жэмхэми хуэдэу, мэлхэри къуажэхэм дэкIуэдыкIащ. ПщэдджыжькIэ адакъэхэм я Iуэ мэкъ жьгъырыуэр зэкэпхьыркъым. ХущхъуэкIэ я гъэбэтэ джэдхэр къуажэдэсхэм тыкуэнхэм къыщащэху - апхуэдэу нэхъ тынщ, уасэкэр къедзакъэ пэтми. Мы гъэм и гъатхэм былымылымрэ джэдылымрэ уафэм щIэуэу нэхъ лъапIэ зэрыхъуам куэд къыжькIэ. АтIэ, мис а джэд дыдэр ишхыр пIлъагъуу уи пащIантIэм къыщыбгъэхъу щIэмыхъур сыт?

ЕтIуанэ Iуэхущ къуажэхэм псымкIэ я Iуэху зэрымыщIагъэр. Нэхъапэм псы цIыкIуэзр уэрамыбгъуэм щежэхырти, Iэщми къэкIыгъэхэми яхуркъурт, иджы зэфэн куэдей щамыгъуэт кьохъу. Бжьамийхэр гъуанэ хъуащ, псыр адэкIэ-мыдэкIэ кьыщыдож. Иджы жылэхэр абы и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщокI - языныкъуэ хьэблэхэм яIэщ, адрейхэм ягъэтырыкъым. Ауэ хэт и дежкIи гурыIуэгъуэ къыщIэкIынщ псы ущыщIэу унэ лъапсэр зэрыпхузэмыкьынур.

Цыхуэй дыдэхэм деж ди политикэр ЕвропэмкIэ иолIэнкI. А континентым щапхъэ къытрах хъунут хадэ зэрызэрахьэ и псынькъуэкIэ. Псалъэм папщIэ, Венгриеми и кьалэхэм я унэхэм я балконхэми жьзум лъэпкъыфIхэр щагъэкI, фейдэшхуэ кьыщIахьу. Езы къэралым уней хозяйствохэм защIегъакъуэ.

КъызэрыщIэддзамкIэ дгъэзэжьыщи, нэгъабэ кьехъуIам игъэгушхуауэ, дыззрыт илъэсым я мурадщ гъавэ щIапIэм ар гуэру гектар мин 600 кьыхагъэхъуэну. Мыбдеж зыщамыгъэгъупщэмэ нэхъыфIт Iусыпхъэхэр нэхъыбэу щIэн зэрыхуейри.. Iэщым ирагъэшхын пуду яIэрыхьэмэ, къуажэдэсхэр щхьэхынукъым.

● Дунейм и къалэ нэхъ зызыужьахэр

Перт къалэр КъухьэпIэ Австралием и щыхьэрщ икIи щыпсэу цIыху бжыгъэмкIэ а къэралым щыеплIанэщ. 1829 гъэм а щIыпIэм зэмыжьжьэу дыщэ, никель, нэгуэщI фIыгъуэхэр зыхэлъ рудаэхэр куэду къыщагъэтауэ щытащ. Ахэр къыщIахьын щIа-дза иужь Перт хуабжьу зиужьащ, абы щыпсэухэм я нэхъыбэр мелуанырыбжэ хъуащ. Индие хым и Iуфэм Iус а кьалэм зыплъыхьакIуэ макIуэ нэгъуэщI къэралхэм икIа цIыху куэд.

● ПсэукIэ

Насыпыр щагуэшым

дурэшым дыдэмысами, Урысейм утыкур къыльысакъым

ООН-м насыпым теухуауэ иригъэкIуэкIа зи чэзу къэхутэныгъэм УФ-м къыщыхуагъэфэщащ 76-нэ увыпIэрэщ. Къапщыта къэрали 149-м я деж иджы илъэс еплIанэ хъуауэ бжьыпэр щебыщ Финляндием. Абы кIэлъокIуэ Даниер, ещанэр Швейцариерщ. Дэ къыткIэроху зи экономикэм уэру зиужь Китайр (84-нэ увыпIэ). Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ насыпым и пщагъэр зэрызэхагъэувэр? Мыбдежым Iэщ IагъэлIэкIэм къыщальытэ къэралым и ВВП-р зыхуэдизым, лэжьапIэншагъэ, инфляцэ, коррупцэ я лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутым я мызакъуэу, цIыхухэм я гъащIэм и кIыхьагъыр, псэуныгъэкIэ ягъуэт дэIэпыкъуныгъэр, хуитныгъэхэмкIэ яIэ Iэмалхэр, нэгъуэщIхэри. Нэхъыщхьэраци, езы цIыхухэм насыпыфIэхэм зэрызыхабжэжыр. Ар гъащIэгъэнщ, ауэ зи цIыхухэр хуабжьу щыкъулейсыз азие, африкэ къэралхэм «Насыпым и таблицэм» уфыпIэ мыIейхэр щаIыгъщ. Ар ехьэлIащ мывэ лIэщIыгъэм иджыри пэжьажьэ мыхъуа лъэпкъ цIыкIуэмэ. Псалъэм папщIэ, Бразилием и щIыпIэ пхыдза дыдэхэм ящыщ щым къызэрыщагъуэтрэ кущ мыщIа пиатхэхэм (мин зытIущи ирикъурхьым) я деж щыIа еджагъэшхуэ зыбжанэм я фIэщу жаIэ абыхэм нэхъ р нэхъ насыпыфIэ мы дунейм темыту. Ахэр ди деж щамыда коммунизм псэукIэм быдэу тетщ: дэтхэнэми ишхыну зрикъунур ират. ЗэфIагъэкIа лэжьыгъэр зыхуэдизым зыкIи темыщIыхьауэ. Лъэпкъым щызекIуэрэкъым зэхэгъэж гуэри, псалъэ IэфIри щызэзэхэпхынукъым: арыншами псори фIыуэ зэхущытщ. УщрихьэлIэнукъым нэщхъеи мыарэзым. Армырауэ пIэрэ езы насыпым и пщалъэр?

Мыри гъэщIэгъуэнщ: езы финнхэм насыпифIэу зыкъалъытащэркъым, уеблэмэ цIыху зыщыкъзыуIыжхэм я бжыгъэмкIэ «пэрыт» къэралипщIми яхохьэ Литвам, Урысейм, Къэзахъстаным ябгъырыту.

КуэдкIэ нэхъ насыпифIэу зыкъалъытэж хьэлэбылыкъым хэмыкI Урымым, Испанием, Алыдвым щыпсэуэхэм - ахэр пIащIэркъым мы дуней дахэр ябгьнэну... - Сыт а насыпыр езыр зищIысыр? Нэхъапэм дэ ар къэтIультэрт нэрымылъагъу, Дахэнагъуэ хуэдэу дызыльэмыIэс гуэру. «Насып щIэкъуныр арщ насыпыр», - жиIащ усакIуэм. Ар пэжмэ, дэр нэхъ р нэхъ насыпифIэ щыIэкъым - ди къэралым хуэдэу цIыхубз насыпым куэд щытражьыхьа икIи щыхущIэкъуэ Щ1ы хъурейм теткым. СССР-м и лъэхъэнэм, еблэмэ дыкьагъэгугъат: «Партым гушхуэныгъэ хэлъу жеIэ: совет цIыхухэм я иджырей щIэблэр коммунизмэм щыпсэунущ!» Ди жагъуэ зэрыхьунщи, СССР-ри ар зезыгъакIуэу щыта КПСС-ри кIуэдыжри, дэ пщыхьэпIэфIыр и кIэм нэмысу кьагъэуша жейбащхъуэм хуэдэу дыкъэнащ.

Езы насыпым дызэреплIами зихъуэжащ. Иджы ар хъуэпсапIэкъым, атIэ нэм кьыщIэуэу нэрылъагъущ: унэ дэгъуэ, автомашинэ зыкъызыхъ, ахъшэшхуэ, н. къ. Ахэр зиIэм адрейхэри игуэтынущ. Зимыдэхэр-щэ? Ар нэгъуэщI Iуэхущ, утепсэлъыхьыни кIыхьщ. Мыбдеж ООН-ри сэбэп кьыпхуэхъуфынукъым.

● Пенсэхэр

Лажьэхэм сыт я лажьэ?

НаIуэу зэрыщытщи, 2016 гъэм и пэщIэдзэм индексацэ ящIын (нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, хагъэхъуэн) ягъуэвыIащ лэжьапIэ IэнатIэ пэрыт пенсионерхэм я пенсэхэр. Абы пIандэрэ къэхъуащ ар къэзыгупсыса «архитектор-хэм» къамылъытэфа куэд.

ЯПЭРАУЭ, иджыри зи къаурум къыигъэгугъэ нэхъыжь зыкъом тIысыжащ, апхуэдэ мызахуагъэр яхуэмыхьу. ЕтIуанэраз, улахуэу щIэуфам хуэкIуащи, нэхъыбэжьм я улахуэхэм налогэхр хагъэхIыжьыркъым - къэралым сом мелардхэр фIокIуэд. Ещанэраз...

АдэкIэ дыльбэнкъым, ярыншами, куэд трахыныIыхьащ. Ауэ кIэ зимыIэ щыIэкъым: нэгъабэ и дыгъэ-гъаэм УФ-м и Президент Путин Владимирыр Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм я Федерацэм и унафэщI Шмаков Михаилрэ зэхуэса иужь гугъапIэ къыкъуэкIащ зи гугъу тщIы индексацэм хуэкIуэжьн и лъэныкъуэкIэ. Уеблэмэ ар зэрызэфIагъэувэжьну щыкIэм техуэауэ къыхалхъэхэр 2021 гъэм маздаем и 1-м фIэмыкIыну игъэхъэзырыну правительствэм пщэрыльщащIащ. Ягъэува пIалъэм къитIасэу правительствэм зыгуэрхэри къыхилхъащ. Уигугъэнт Iуэхур екIуэу. Арщхьэкlэ абдеж щыщIэужьыхэхэщ: уеблэмэ къыпщохъу ягъэтIылъыжпауэ - и гугъу ящыжьыркъым.

ЦIыхубэм яхуэлажьэ Къэрал Думэми джэдыкIэм цы къыхихыу фэ зытрегъаэ: абы игу ирихьыжьыкъым индексацэм теухуауэ парт, зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэхьэзыра хабзэ-гъэуэ проектхэр. Яхуэзфэмыхьыр зыщ: лажьэ пенсионерхэм 2016 гъэ пIандэрэ яфIэкIуэда псори кьанэ щымыIэу иратыжьну хьэмэрэ зы Iыхьэкlэ зэфIагъэкIыну? «БлэкIам упыкIащ» жызыIэ къулыкъущIэхэри щыIэщ. Мис апхуэдэу ироджэгу дэ, нэхъжьхэм, хабзэкIэ къэдлэжьам. Абы щыгъуэми, гъэщIэгъуэныр араущи, къэрал къулыкъум иджыри пэрытхэм я пенсэхэр илъэс къэс псалъэмакъыншэу индексацэ хуащI. Дэнэ щыIэ атIэ зэхуэдэныгъэр?

Ди насыпти, къыкъуэкIащ лажьэ пенсионерхэм мыбдеж щIэгъэкъуэн кьыщытхэхъуэн. Ар мы гъэм и фокIадэм Урысейм щекIуэкIыну парламент хэхыныгъэхэрщ. Къэрал Думэм хыхьэну хущIэкъунущ бэнэныгъэм хьэжьпхэжь къэзыхьа партхэри, щIэуэ къэзынэхуахэри, зи закъуэ политикэри, зэгухьэныгъэхэри. ИкIи, дауи, ящыгъупщэнукъым «цIыху къэзрэгугъэIхэм я сэбэп зыхэлъхэм папщIэ я джанэм зы щIыIу кIымынэжьыху зэуэну» хьэзырхэм я джжIэ IэмалыфIыр - лажьэхэм я пенсэхэр индексацэм тегъуэжьныр. Абы и тепльхьэу кандидат псори кьызэрыувынум шэч хэлъкъым. Хэбгъэзыхьмэ, хуэбгъэфащэ хъунущ 2016 гъэ пIандэрэ тфIэкIуэда псори кьыдатыжьну. Пенсионерхэр сыт щыгъуэ хэжаIуэ жыджэрхэщ, абыхэм ядэжджэгу хъунукъым, упрагъахьыкIэ тIэу еплъынукъым. Араущи, лажьэхэм я пенсэхэм я индексацэр политикэ Iэхъум хуокIуэ.

Сыт пщIэн, нэгъуэщIу захуагъэм гъэзгу щумыгъэгъуэтыжьыфынукIэ?

Муслъымэн Урысей. Уи нэгу къыщIэбгъэхьэну гугъущ, ауэ апхуэдэ къэрал къэунэху пэтащ

● Дин

ИтIанэ Европэми, Азиеми, зэрыщыту дуней псоми я теплъэр нэгуэщIу къыщIидзынут

ЕпщIанэ лIэщIыгъуэм

Абы иригъэлIэу чыристан диныр лIыпIэ иуат, уеблэмэ католикхэрэ православнэу зэкIэщIэкIын хуэсат. И къарум хэхъуэрт нэхъ иужьыIуэкIэ къэунэхуа ислъамми. Урысейр иджыри тетт зэманым ящыщ1ырыуа кавказий диныр. ЛIэщIыгъуэм и кIэухым белджылы хуауат ар къыззремызэгъыжьыр.

Урысей Iэрытх нэхъыжь дыдэм - «Повести временных лет» дэфтэрым - къыззрыщIыгъэлъэгъуэмкIэ, 996 гъэм Киев урыс къэралыгъуэм и тепщэ Владимир и деж кIуаш дин зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. Зэгъэнэри хуейт езыхэм я фIэщъхуныгъэр кьригъэщтэну. Пщышхэр едэIуащ псоми, ауэ зыри игу ирихьакъым. Абы щыгъуэми, журтхэми, католикхэми, муслъымэнхэми я лIыкIуэхэм зэредIуашхуэ щыIэкъым, ауэ православнэ члисэм гулъытэшхуэ хуищIащ. Абы и лIыкIуэм а дин къудамэм и куэлеягъыр купщIафIэ дыдэу икIи кIыхьу ебгъуатэ, адрейхэр зэптIэ ещI. Тхьдэджэм я деж кIэ гугъуехьшхуэ хэлъаькъым псори а диным ихьэу лIэщIыгъуэ зыбжанэ дэкIыжа иужь Iэрытхэм зэрыхатхэжар къахутэным. Илъэсыпlэкlэ мы Iуэхур Урысейм и деж1э егъэлеяуэ зэхэгъэкIыгъуэ щытащ. ИкIи мыбдеж щынэхъыщIыкъэ кьыханыну фIэщхъуныгъэратэкъым, атIэ политикэрт.

Православнэ члисэм и тепщэ Византие империер лъэщт икIи зэкъуэтт, кьаугъэ зэмыщхьэжм къагъэтIасхэз пэтми. Дауи, и диныр кьапщтэмэ, абы и жьауэм уцIэувэрт икIи апхуэдэ къару кьыпкъуэтыну Iейтэкъым. Арат урысхэр Константинополкlэ щIепльэкIыр.

Арщхьэкlэ илъэсмыр кьыхихыну Владимир кьыхураджэрт булгъэрхэм (зэхэмыгъэзэрыхь: зи гугъу тщIыр а зэманым илъэси 100-кIэ ипэ иту чыристан хъуа болгъэрхэркъым, атIэ Индыл и Iуфэм нэхъ Iудзауэ Iуса тырку лъэпкъэм ящыщ зырыц). Абыхэм псэхугъуэ къаритыртэкъым я гъунэгу Хьэзэр пащтыхьыгъуэм. Иужьрейр зэпымыууэ къатеуэрт. И гъунэгу бзаджэм щыгъэхъумэну ахэр Багдад хъулифатым елъэIун хуей хъуащ, кьыдишэхьи мурадкIи 922 гъэм муслъымэн диныи ихьащ. Ауэ Багдад жьыжьэт, Урысейр кьабгурыст. Гурыlуэгъуэт ар нэхъ сэбэп къэзэрыхуэхъуфынур. Арат хъэзэрхэм я бий нэхъ шынагъуэри. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу булгъэрхэр хуейт а къэралыр динкIи кьуэш ящIыну. ЗэрыштIагъуэщи, мыри зытещIыхьар политикэрт.

ИпэIуэкIэ яужь ихьатэмэ...

Владимир и пэкIэ тетыгъуэр зея Святослав булгъэрхэм нэхъ къагъэдэIуэфыну къыщIэкIынут. Олеги Хьэзэр пащтыхьыгъуэр игъэтынщажьы, ауэ абы и пIэм псы изыгъэжьхьыжьар мис а Святославщ. 965 гъэм абы Хьэзэрхэм я дзэр хигъащIэри, и къалэ нэхъ инхэр иубыдащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я лъэщагъыр яфIэкIуэдри, езы хьэзэрхэм зыкъагъэхъеижьыфаркъым. Ауэ нэхъыщхьэр зауэ-банэм хэмыкI Святослав чыристан диныт теплъэ мыхъуу зыщыстартщ. ФIы дыдэу илъагъу и анэ Ольгэ сыт хуэдизрэ къемылъэIуами, абы зэи идакъым жор ищIын. Пщышхуэм игу текуэртэкъым инджылым хэт «шыIэныгъэ», «уи гум тегъэхуэн», «и жьIэм ущIэмыкIын» псалъэхэр. Исльэмащ нэхъ ткIийт, абы къыхэкIыу Святослав нэхъ дишэхьикIэ хъунут.

Пэжу, абы дин Iуэху зэи зэрихуэакъым, ар хуеижхэтэкъым зыми. И гъащIэ псор зекIуэкэм кьыхэкIыкIыу ихьащ, 972 гъэм печенегхэм (Iэпхъуэшапхъуэу псэуа лъэпкъхэм ящыщщ) Днепр и гъунэгъуу шабэзшэкIэ кьыщащIащ. Сыт хуэдэу щымытами, маджусий диным кьыпыкIыну и чэзу зэрыхъуам егупсысар Владимирщ. Ауэ ари куэдрэ чэнджэщэн хуей хъуащ.

Православнэ члисэр кьыхихащ, ауэ муслъымэныгъэм триуухуатэмэ-щэ? ИтIанэ Урысейм и тхыдэр нэгъэщынут.

Кавказ зауэри щыIэнутэкъым

Псом япэрауэ, зэпымыууэ зэпэщIэуэ славян лъэпкъхэр зы къэралышхуэу зэгухьэнут - ислъамыщIыналъэхэр зэкъуэзыгъэувэ икIи зэгурызыгъаIуэ къарущ. ЕтIуанэрауэ, КъуэкIыпIэ рим империр жьыхIэ Византиер кьыпэщIэувэнут. Ауэ Багдад хъэлифатымрэ Испаниемрэ щыналъэшхуэ зыныгъ кордовэ муслъымэнхэмрэ кьыязыдащIыну Урысейм и деж1э ар шынагъуэтэкъым - сыт хуэдизкIи лъэщми, Константинополь урыс-хьэрпыкъурхэм къатекIуэнутэкъым. Абы кьишэнут мизэ и империер лIэщIыгъуэплIкIэ нэхъ пасэу дунейм текIынынущ. Жорзэкъэ зекIуэкэр щыIэнутэкъым (наIуэу зэрыщытщи, ахэр кьызэщIэзыгъаплъэу щытар Византием и императорхэрт). КъуэкIыпIэ Европэмрэ Ищхъэрэ Европэмрэ щэрихьэтым и жьауэм щIагъуэвэнут.

Зэман дэкIмэ, епщыкIуащэ лIэщIыгъуэм, пшэ фIыцIэу зыкъэрехьжьа монгол тэтэрхэр зыIуэнур щхьэхуэ-щхьэхуэу кьыпэщIэувэ пщыгъуэ зэбгрыдахэртэкъым, атIэ зэуэным сыт и лъэныкъуэкIи хуэгъэпса цIыхухэр зыхэт дзэ лъэщ зиIэ къэрал абрагъуэт.

Ауэ ди деж1э нэхъыщхьэраци, адыгэхэр лъапсэрых дызыщIа Урыс-Кавказ зауэри зэрыщымыIэнур белджылыт.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпощхьэпохэр кьыкъуэкIынут. Муслъымэн Урысейм Европэм тепщэгъуэр щыдигуэшын хуей хъунут нэгъуэщI кьару лъэщым - КъуэхьэпIэ рим империем. Арщхьэкlэ а тIур зэхуилъми, зыр зым теуэн тегушхуэнутэкъым.

Мис аращ Владимир кьыхиха гъэгум илъэс минкъм кьыпхыкIа мыхьэнэ щIиIар.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**